

BYEN KONNEN DWA OU

Se yon panflè ak enfòmasyon ki detaye dwa ou
pandan wap travay Ozetazini.

Telefòn pou w rele nenpòt ki lè pou
rapòte Aktivite Trafik Moun
1-888-373-7888 (A travè Lèzetzini)





BYEN KONNEN DWA OU

Nou si e sèten ou pral pase yon sejou agreyab Ozetazini. Sepandan, si yon move sitiayson ta prezante, ou gen dwa e ou ka jwenn èd.

Ou genyen dwa sa yo:

- Pou yo byen peye ou
- Pou ou pa sibi diskriminasyon
- Pou ou pa sibi nuizans ni eksplwatasyon seksyèl
- Pou ou travay yon kote ki pa ekspoze sante ou ni sekirite ou
- Pou ou mande asistans nan men gwoup kap defann dwa sendika, imigran ak travayè
- Kite yon sitiayson kote yap abize anplwaye

SI YAP MALTRETE W, RELE NAN LIY NASYONAL ESPESYAL KI TOUJOU DISPONIB LA: 1-888-373-7888 (A TRAVÈ LÈZETAZINI), MAKE EPI VOYE MO “HELP” NAN YON TEKS POU MANDE “ED”, BAY 233733 (A TRAVÈ LÈZETAZINI), OUBYEN NAN YON IMEL BAY NHTRC@POLARISPROJECT.ORG.

**ESPESYALIS KI BYEN PREPARE TOUJOU DISPONIB POU EDE MOUN NAN PLIS PASE 200 LANG. OU PA OBLIJE BAY NON OU NI IDANTIFYE W. POU PLIS DETAY ALE SOU SIT SA A:
WWW.TRAFFICKINGRESOURCECENTER.ORG.**

Si w anba danje imedya, rele lapolis nan 911 (A travè Lèzetazini). Di yo ki ijans ou genyen, ki kote ou ye, ak nimewo telefòn ou itilize pou w rele a. Mande yon entèprèt si ou pa pale angle. Lè lapolis rive, montre yo ti panflè sa a e di yo ki abi ou sibi.

Si ou resevwa yon viza tip A-3, G-5, H, J, NATO-7, oubyen B-1 ki se yon viza travayè domestik ki pa imigran, ou ta dwe resevwa panflè sa a nan entèvyou pou viza a. Yon konsil sipoze verifye ke ou resevwa, ou li, epi ou byen konprann sa ki di nan panflè sa a anvan yo ba ou yon viza. Si ou pat resevwa yon panflè, konsil la dwe ba ou youn epi diskite sou li avèk ou. An plis de sa, konsil la dwe reponn tout kesyon ou genyen sou enfòmasyon ki nan panflè a.

DWA OU GENYEN KÈLKESWA TIP VIZA A

Si ou kwè moun te vyole dwa ou, rapòte sa bay yon biwo Leta, yon sendika, yon ONG (òganizasyon non-gouvènmantal), oubyen yon lòt òganizasyon ki ka ede w. Si w pa pale angle, mande yon entèprèt.

1. Dwa pou yo byen peye w

- Ou gen dwa pou yo peye w pou tout travay ou fè.
- Yo dwe peye w omwens salè federal minimòm nan pou pi fò travay. Tcheke sit sa a: www.dol.gov/whd/minimumwage.htm pou w konnen salè federal minimòm aktyèl la.
- Ou kapab merite touche plis ke salè federal minimòm nan si:
 - Wap travay nan yon Eta, yon vil, oubyen yon awondisman ki genyen yon pi gwo salè minimòm.
 - Si kontra travay, oswa pwogram viza w lan egzije yon pi gwo salè.
- Ou kapab gen dwa resevwa lajan travay siplemantè (overtime) ki vo yon fwa edmi lajan ou fè pa lè pou tout travay ki depase 40 lè pa semèn. Pa egzanp, si salè regilye pa lè ou se \$10.00, patwon ou ka gen pou peye ou \$15.00 pou chak èdtan travay ou fè aprè 40 lè nan yon semen.
- Si patwon ou pran lajan sou chèk ou, sa rele "yon dediksyon". Patwon ou dwe ba w detay klè sou rezon ki eksplike chak dediksyon li fè sou chèk ou.
- Dediksyon yo kapab ilegal si lajan ki rete nan salè ou egal yon kòb ki pi piti pase salè minimòm egzijib la apre rediksyon an. An jeneral yon patwon pa dwe diminye lajan pou pri inifòm, ekipman sekirite, zouti ki nesesè pou travay la, pwovizyon, frè pou ekipman ak rekriticman. Pou kèk kategori viza, anplwaye/travayè yo dwe resevwa lojman gratis.
- Pami dediksyon legal yo genyen sila yo ke ou chwazi, tankou asirans santé, kontribisyon pou sendika, oubyen avans yo fè sou salè ou, epi dediksyon yon patwon dwe pran pou egzekite lòd tribinal pase pou w peye pou pitit ou ki minè ou pou madanm ou (oubyen mari ou) si ou divòse, oubyen pou frè ki nesesè pou deklarasyon fayit. Avèk kèk ra eksepsyon, moun kap travay Ozetazini, e ki gen yon viza non-imigran, dwe peye taks federal ak taks Eta sou lajan yo, menm jan ak

KONSEY: Pote panflè sa a avèk ou Ozetazini pou sizoka li nesesè.



KONSEY: Selon longè sejou ou, li kapab nesesè pou w gen asirans sante pandan ou Ozetazini an. Ou ka kalifye tou pou asistans ekonomik pou bese pri asirans sante a.

taks travay. Ou menm ak patwon ou kapab antann nou pou taks la sòti dirèkteman sou chèk ou. Jeneralman patwon an pral wete taks travay dirèkteman sou chèk ou, pami yo genyen taks pou Sekirite Sosyal ak Medikèr.

2. Dwa w pou w pa sibi diskriminasyon

- Li ilegal pou patwon ou trete w yon fason diferan oubyen mal trete w nan travay la akoz laj ou (si ou gen 40 tan ou plis), sèks, ras, peyi kote ou te fèt la ak etnisite ou, koulè, reliyon, enfòmasyon jenetik (pami yo gen istwa medikal fanmi ou), oubyen andikap.
- Patwon ou pa dwe trete ou yon fason diferan paske ou se yon fi oubyen paske ou ansent, wap bay yon bebe tete, oubyen paske ou ka tonbe ansent.

3. Dwa w pou w pa sibi nuizans seksyel ak eksplwatasyon seksyel

- Li ilegal pou patwon ou nui ou seksyèlman. Patwon ou pa dwe fè okenn deklarasyon seksyèl ki manke w dega ou ki baze sou le fet ke ou se yon gason oubyen yon fi.
- Li ilegal pou patwon ou eksplwate w seksyèlman, tankou, pa egzanp:
 - Li pa ka mande w pou ou fè seks avèk li;
 - Manyen w yon fason seksyèl;
 - Fòse w fè sèks, oubyen pran w nan pyèj oubyen fè presyon sou ou pou w fè sèks avèk li.

4. Dwa w pou Travay yon Kote ki Pwoteje Sante ak Sekirite ou

Kòm yon moun kap travay Ozetazini, se dwa ou pou w travay nan kondisyon ki pwoteje sekirite w ak santé w, pa egzanp:

KONSEY: Anvan ou ale Ozetazini, chache jwenn konsèy nan men òganizasyon travayè migran oubyen ansyen travayè migran. Yo ka ba ou non ak telefòn moun oubyen òganizasyon ou ka kontakte si ou gen pwoblèm oubyen kesyon lè ou va Ozetazini.



- **Trètman Medikal:** Ou gen dwa rapòte bay patwon tout chòk ak maladi ou pran nan travay la. Si ou blese oubyen ou tonbe malad nan travay la, ou kapab chache swen medikal. Nan pi fò ka yo, pou sa k konsènen chòk ou maladi nan travay, patwon ou ta dwe ofri w swen medikal gratis ak yon pati nan salè ou pèdi pandan ou te pran chòk la. Ou kapab genyen pou aplike pou "konpansasyon pou travayè" nan Eta kote wap travay la.
- **Ekipman pou Pwoteje w:** Si wap travay avèk (oubyen ozalantou) pestisid oubyen pwodui chimik danje, patwon an dwe peye pou ekipman pwotekti pou travay la (tankou respiratè ak gan) oubyen ba ou ekipman sa a.
- **Fòmasyon:** Ou gen dwa pou resevwa enfòmasyon ak fòmasyon sou danje, fason pou evite domaj ak dega, e sou règleman sou sekirite ak sante ki koresponn ak lye-travay la. Fòk fòmasyon an fèt nan yon lang ak vokabilè ou ka konprann.
- **Lojman:** Si patwon ou ofri lojman, se pou l pwòp e gen sekirite. Ou dwe gen libète pou w kite kay la lè ou pap travay.
- **Twalèt:** Twalèt yo dwe pwòp e fasil pou moun antre-sòti ladan yo. Patwon ou dwe ba w posiblite pou ou antre-sòti nan twalèt yo lè ou bezwen.
- **Dlo Potab:** Ou gen dwa pou resevwa dlo potab ki pwòp.
- **Savon ak Dlo Pwòp:** Ou gen dwa lave men ou ak savon e ak dlo lè w bezwen fè sa espesyalman aprè ou fin sèvi ak pestisid/pwodui chimik–pami yo gen legitim oubyen fwi ki trete ak pestisid/pwodui chimik.
- **Ijans Medikal:** Travay ou byen kapab deja peye pou depans medikal ou; kidonk, ou dwe mete patwon ou okouran de chòk oubyen maladi ou pran osito ke posib, dekwa pou patwon an kapab ranpli



fòm ki nesesè yo. Lè ou rive kay doktè, nan klinik oubyen lopital, fè yo ba ou kopi fòm ki prepare sou maladi w la oswa chòk la.

Si wap travay avèk (ou ozalantou) pestisid ou pwodui chimik danre:

- Ou gen dwa pou w konnen e konprann ak ki pwodui chimik wap travay, e patwon ou dwe fè w jwenn fòmasyon peye sou tretman pwodui chimik nan yon lye-travay.
- Patwon ou dwe di ou kilè e ki kote yo te flite pestisid e kilè moun ka retounen nan biling nan san danje pou evite kontaminasyon pa aksidan. Pa rete nan yon zòn kote yap flite pestisid.

5. Dwa w pou mande èd nan men sendika, gwooup kap defann dwa imigran ak travayè

- Avèk kèk ra eksepsyon, ou gen dwa mete ansam avèk kòlèg travay ou pou ou mande patwon ou ogmante salè ou ou amelyore kondisyon travay ou. Pi fò anplwaye gen dwa pou yo fòme sendika nan travay yo, antre ladan yo epi apiye yo.
- Lè ou pap travay, ou ka asiste rankont publik kote moun ap fè diskou, reynyon ak manifestasyon pou mande pi bon salè oubyen pi bon kondisyon nan travay ou a.
- Ou gen dwa sa a kèlkeswa tip viza imigrasyon te ba ou. Patwon ou pa gen dwa pran pyès aksyon kont ou poutèt ou egzèse dwa ou yo.

6. Dwa ou pou w kite yon travay kote yap abize ou

- Bagay ki pi enpòtan an, se pou w chache sekirite si yap fè w sibi abi. Ou pa oblige rete nan yon travay si patwon an ap abize ou.
- Menmsi tip viza w la pap valab ankò si ou kite patwon w nan, ou byen kapab chanje tip viza w la oubyen patwon. Se posib ke wap oblige kite Lèzetazini pou sa. Menmsi tip viza w la pa valab ankò, ou ka jwenn èd yon fwa ou fin kite patwon kap abize w la.
- Ou kapab pote yon plent ofisyèl oubyen lanse yon pwosè kont patwon an pandan wap travay toujou oubyen aprè ou fin kite patwon an. Si patwon an pran aksyon kont ou (kòm revanj) poutèt sa w fè a, se vyole li vyole lalwa.

KONSEY: Konsèy legal ou jwenn nan men patwon ou, moun ki ba w kontra ou ki rekrite ou, kapab byeze. Chache konsèy nan men yon avoka endependan.

LÒT DWA KI BAZE SOU STATI OU KÒM NON-IMIGRAN

Anplwaye domestik ki gen Viza Tip A-3, G-5, NATO-7 ak B-1

- Patwon ou dwe ba ou yon kontra travay ki satisfè lalwa amerikèn.
- Kontra a fèt pou presize ki salè minimòm pa lè anplwaye domestik la pral touche. Salè pa lè a dwe se salè ki pi gwo a daprè lwa federal, Eta ou lokal sou salè minimòm nan.
- Patwon an dwe ba ou yon kontra nan yon lang ou konprann. Chache asire w ke ou konnen kondisyon ki nan kontra a epi pa siyen yon papye si ou pa konnen sa ki di ladan n.

Lòt Kondisyon Pou Travayè Domestik ki Gen Viza A-3, G-5 ak NATO-7

Pou pipiti, kontra a dwe gen ladan n dispozisyon sa yo:

- Yon akò patwon an siyen pou l respekte tout lwa ki gen Ozetazini;
- Enfòmasyon ki di konbe fwa yap peye w (chak semèn, chak mwa) e kijan yap peye w, sa wap gen pou fè, konbe lè pa semen, jou ferye, jou konje maladi, ak jou vakans; epi
- Patwon an dwe siyen yon akò kote li pwomèt pou l pa kenbe paspò ou, kontra travay ou, oubyen nenpòt ki lòt pwopriyete pèsònèl ou.

Viza H-2A pou Travayè Agrikòl Tanporè

- Ou pa janm dwe peye yon frè pou yon moun kap rekrite travayè.
- Ou dwe resevwa yon kontra travay ekri nan yon lang ou konprann. Li dwe gen ladan n enfòmasyon detaye sou salè ou, dire travay la, kantite lè, benefis (pami yo gen mwayen transpò, lojman ak manje oubyen posiblite pou fè kuizin), plis dediksyon yap fè sou chèk ou.
- Ou gen dwa w pou yo peye w kòmsadwa menmsi yap peye w a lapyès (pa kantite e non pa lè).
- Patwon w nan dwe ba ou mwayen transpò ak manje chak jou depi kote w rete a rive kote wap travay pou patwon an, oubyen li dwe ranbouse ou yon valè lajan rezonab ou peye pou sa, yon fwa ou boukle mwatye nan kontra a. Yon fwa ou fini tout kontra a, patwon an dwe ba ou mwayen transpò ak manje chak jou pou w kite plas travay la e retounen kote ou tap viv anvan ou te ale travay pou patwon an. Patwon an ka oblige ranbouse lajan ou depanse pou vwayaj ou ak frè viza pandan premye semèn travay la si salè ou mwens depans ou egal kòb ki pi pití pase salè minimòm federal la. Patwon an dwe ofri tou mwayen transpò gratis depi kote li peye pou w rete a rive nan plas travay la.

- Ou pa gen pou w peye taks pou Sekirite Sosyal ameriken ak Medikèr (asirans sante) sou lajan yo ba ou pou travay ou fè si ou gen yon Viza H-2A.
- Jeneralman, patwon an ta dwe ba w travay pou yon kantite lè ki egal a omwen ¾ jou travay ki genyen nan peryòd kontra a kouvri a.

Viza H-2B pou Travayè Tanporè Non-Agrikòl

- Ou pa janm dwe peye yon frè pou yon moun kap rekrite travayè.
- Ou dwe resevwa yon kontra travay ekri nan yon lang ou konprann. Li dwe gen ladan n enfòmasyon detaye sou salè ou, dire travay la, kantite lè, benefis (pami yo gen mwayen transpò, lojman ak manje oubyen posiblite pou fè kuizin), plis dediksyon yap fè sou chèk ou.
- Jeneralman patwon an ta dwe ba w travay pou yon kantite lè ki egal a omwen ¾ jou travay pou chak peryòd 12 semèn.
- Ou gen dwa w pou yo peye w kòmsadwa menmsi yap peye w a lapyès (pa kantite e non pa lè).
- Patwon w nan dwe mete a la dispozisyon w pou mwayen transpò ak manje chak jou depi a letranje anvan ou fin konplete mwatye kontra a –oubyen ranbouse w depans ou fè pou sa. An plis de sa, patwon an dwe fè depans pou transpòte w nan peyi ou (san bliye lajan manje), si ou fin konplete kontra a oubyen si patwon an revoke w pou nenpòt ki rezon anvan fen peryòd travay ou otorize pou w fè a. Patwon w nan ka gen obligasyon tou pou l ranbouse lajan ou depanse pou vwayaj ou ak frè viza pandan premye semèn travay la si salè ou mwens depans ou egal yon kòb ki pi piti pase salè minimòm federal la.

Viza J-1 pou Echanj Vizitè

- Fòm DS-2019 ki apwouve a bay eksplikasyon sou dat pwogram ou an, kategori echanj la, non patwon pwogram nan, ak antite ki pral resevwa w lakay li kote pwogram echanj la pral dewoule a.
- Patwon pwogram nan dwe ba w eksplikasyon presi sou tout depans, kondisyon ak restriksyon ki lye ak pwogram echanj ou a.

Vwayaj Travay nan Sezon Ete

- Si ou pa gen yon travay kap tann ou davans, patwon w nan dwe ede w jwenn yon travay yon fwa ou rive Ozetazini.



KONSEY: Patwon ou dwe peye ou a lè. An jeneral yo peye yon anplwaye yon fwa chak 2 semèn Ozetazini.

Stajyè Oubyen Apranti

- Patwon pwogram nan dwe fè yon entèvyou avèk ou pa telefòn ubyen pa tele-kamera.
- Patwon pwogram nan dwe ba ou yon plan plasman pou stajyè ubyen apranti (DS-7002) ki gen ladan n yon deklarasyon ekri ak yon rezime objektif fòmasyon pwogram nan. Yo dwe ba ou omwens 32 zè travay pa semèn.
- Patwon pwogram ou an dwe ba ou yon deklarasyon ekri sou pri ak frè wap gen pou peye ak yon evalyasyon kou lavi a Ozetazini.
- Patwon pwogram ou an fèt pou asire l ke ou gen asirans sante, menmsi li pa oblige mete asirans sa a la dispozisyon ou ni peye pou li.

Travay nan Kay:

- Fanmi moun ki akeyi w la dwe ede w enskri pou frekante yon lekòl pou etid aprè lekòl segondè epi li dwe peye jiska \$500.00 nan frè klas sa yo.
- Yo pa dwe fòse w pou ou travay pandan plis pase 10 zèdtan pa jou ubyen 45 èdtan pa semen.
- Konseye w la dwe kenbe kontak regilyèman avèk ou e ak fanmi ki akeyi w la.

KONSEY: Anvan ou vwayaje, fè 2 kopi chak dokiman enpòtan, espesyalman paspò ou ak viza ameriken ou, kontra travay ou ak nenpòt lòt dokiman ki gen idantite w. Kite yon lo tout dokiman sa yo nan men yon moun ou fè konfyans nan peyi natal ou epi kenbe lòt kopi yo avèk ou.



VIZA NON-IMIGRAN OU

Yon viza non-imigran se yon dokiman gouvènman ameriken an ki pèmèt moun kap vwayaje Ozetazini mande antre nan peyi a pou yon objektif presi –antwòt pou travay, etidye ou patisipe nan yon pwogram echanj kiltirèl. Ou dwe aplike pou yon viza nan yon anbasad ou yon konsila Lèzetazini ki aletranje. Yon fwa ou fin resevwa yon viza non-imigran, ou ka vwayaje Ozetazini epi prezante l bay yon ajan imigrasyon ameriken pou w antre. Si viza w la eksipre, ou dwe resevwa yon lòt viza anvan ou kapab antre ankò Ozetazini.

Lè imigrasyon fin aksepte pou w antre Ozetazini, yon ajan ap poze yon so sou paspò ou e lap make sou li dat ou antre a, ki tip pèmi pou antre ou genyen e jiska ki dat ou ka rete. Ou dwe kite Lèzetazini anvan dat ki sou kat I-94 ki di ki jou pèmi sejou ou ap fini yon fason pou ou ka legal nan peyi a, eksepte si ou mande yon pwolongasyon sejou bò kote Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Ameriken. Ou ka tcheke dosye I-94 ou sou sit sa a: <https://i94.cbp.dhs.gov>.

TRAFIK MOUN

Yon moun ki viktim trafik moun gen dwa jwenn pwoteksyon e resevwa sèvis, e li menm ka resevwa kèk benefis publik. Trafik moun se yon krim kote yo ekspluate timoun pou komès seksyèl, ekspluate granmoun pou komès seksyèl; pou sa, yo itilize fòs, koken, presyon ak eksplwatasyon nenpòt moun pou fè yo travay pa lafòs. Moun ki komèt eksplwatasyon konsa (sa ka gen ladan n tou trafikan travayè, mèt biznis kote yo rekrite travayè seksyèl, ak moun kap peye pou sèks), yo tout kapab gen pou reponn devan lajistis daprè lwa federal ak lwa Eta yo sou trafik moun. Trafikan travayè ak trafikan seks ka sibi ni jjiman kriminèl, ni jjiman sivil. Sa nou pral wè la yo se kèk siyn ki ka bay avètisman sou egzistans trafik moun yon kote.

Menas ak Laperèz

Trafikan ak moun kap ede yo, kapab itilize menas ak lòt zak entimidasyon pou fè swa ou-menm swa lòt moun santi nou twò pè pou n kite tip aktivite sa a. Pa egzanp:

- Yo bat moun, yo abize yo fizikman ou seksyèlman;
- Yo menase pou yo bat moun, abize yo fizikman ou seksyèlman;
- Yo fèmen yon anplwaye nan travay la ou nan yon kay, oubyen yo anpeche li pati kite travay la oubyen kay la;
- Yo menase pou fè swa ou-menm swa fanmi w mal si ou eseye pati, eseye pote plent pou move tretman, rapòte sitiyasyon an bay otorite yo, oubyen chache sekou;
- Yo menase w ak depòtasyon ou arrestasyon si ou chache èd; oubyen
- Yo menase lòt anplwaye oubyen fè yo mal, poutèt yo te eseye pati, pote plent, rapòte sitiyasyon an oubyen chache èd, oubyen lanse menas pou di nenpòt moun ki eseye sove, yap jwenn li e yap mennen li tounen.

Dèt

Trafikan ak moun kap ede yo byen kapab mande w fe travay pou yo, oubyen, sèvi lakay yo oubyen antre nan komès seksyèl (pwostitison) pou w kapab peye yo lajan ou dwe yo. Nan kèk ka, se trafikan an ki kreye dèt la e ki enpoze li sou ou. Lalwa entèdi pou moun itilize dèt kòm presyon pou l fè w kontinye travay, ofri sèvis ou oubyen fè komès seksyèl, oubyen pou anpeche w kite yon travay. Trafikan yo byen ka manipile dèt ou pou fè l vin pi difisil pou w fin peye li e yo ka fè w kwè ou dwe kontinye sèvi trafikan an jiskaske ou fin peye dèt la. Pami egzanp manipilasyon dèt genyen:

- Enpoze yon dèt ki difisil ou enposib pou moun fin peye nan yon tan rezonab e ki depase anpil lajan ou pral touche;



KONSEY: Yon fwa ou fin rive Ozetazini, mete paspò w ak lòt dokiman vwayaj ou yon kote ki gen sekirite e kote ou ka al pran yo fasilman nenpòt ki lè. Li ilegal pou patwon ou kenbe paspò ou.

- Enpoze yon dèt ou pat aksepte fè davans ou ki pi gwo pase dèt ou te aksepte a;
- Refize aksepte pou dèt la yon pèman ki koresponn ak salè ou;
- Refize fikse longè tan wap gen pou rete nan sèvis trafikan an pou w fin peye dèt la;
- Ajoute sou dèt la frè transpò, lojman, manje ou lòt depans si ou pat aksepte davans pou w fè sa;
- Ajoute depans, amand oubyen pinisyon poutèt ou pa respekte règleman yo, salè ou pa ase, oubyen paske ou pa fè ase travay, sèvis oubyen komès séksyèl.

Règleman ak Kontwòl

Trafikan yo, ak moun kap ede yo, ka itilize règleman ak kontwòl pou fè l vin pi difisil pou ou ak lòt moun kite travay la, pote plent oubyen chache èd. Pa egzanp:

- Règleman pou w pa kite lye-travay la, oubyen règleman sevè sou ki kote ou ka ale lè ou pap travay;
- Règleman ki anpeche w kenbe pwòp paspò w, viza w, akdenesans ou, oubyen lòt dokiman idantifikasyon ou;
- Anpeche w jwenn bon jan manje, adòmi, oubyen swen medikal; oubyen ankò
- Anpeche w pran kontak ak fanmi w, lòt anplwaye, kliyan oubyen lòt moun andeyò travay la, tankou moun ki travay nan sèvis legal ou sosyal, oubyen limite aktivite sa yo osinon swiv sa wap fè lè sa yo.

KONSEY: Sere yon dosye detaye sou tout deklarasyon ak/oubyen aksyon ki inadmisib patwon w nan fè oubyen poze kont ou, epi ekri non ak telefòn tout moun ki temwen.

Mannigèt ak Mansonj

Trafikan yo, ak moun kap ede yo, ka itilize mannigèt ak mansonj. Pa egzanp:

- Fo pwomès sou tip travay la, kantite lè ou pral travay, kondisyon travay la ak lavi a, ou valè kòb ou pral touche;
- Yo pwomèt ou yon bon travay epi yo oblige w travay pandan yon tan pi long, nan kondisyon trè difisil, oubyen yo peye w mwens lajan ke sa yo te pwomèt ou a; oubyen
- Yo pwomèt ou yon bon travay epi yo fè w fè yon lòt kalite travay, sèvis oubyen komès seksyèl; sa ka gen ladan n pwomès pou ou travay kòm pwofesè enfimyè, epi yo fòse w travay kòm manm pèsonèl yon mezon pou moun malad, oubyen pwomèt ou pral okipe timoun epi yo oblige al danse toutouni nan "club" oubyen fè komès seksyèl (pwostitisyon).
- Yo di w ou pa gen okenn dwa;
- Yo di w pèsonn pap kwè w oubyen yo pral depòte w si ou eseye chache èd; oubyen
- Mande w bay manti sou idantite yon trafikan.

Eske yo Pral Depòte w Si ou Rapòte Abi a?

Genyen pwogram ki pwoteje moun ki rapòte abi. Ou pa dwe pè chache èd menmsi ou ta gen pwoblèm imigrasyon. Ou ta dwe kontakte yon avoka imigrasyon ki pap travay pou patwon w nan.

Si ou panse ou se yon viktим trafik kretyen-vivan oubyen viktим nenpot ki krim grav (pami yo gen vyòl ou atak seksyèl), ou ka gen dwa pou w resevwa yon lòt tip viza non-imigran, tankou tip "T" (pou viktим trafik moun), oubyen "U" (pou viktим trafik moun oubyen nenpot lòt krim grav) oubyen yon viza pou pèmèt ou rete pwovizwaman Ozetazini. Yo te kreye klasifikasyon viza non-imigran yo pou pwoteje viktим. Anpil moun Ozetazini pa abitye ak viza non-imigran tip "T" ak "U" yo, e ou ka bezwen mete moun kap ede w yo okouran viza sa yo.

Ki Sèvis ki Disponib pou Víktim Trafik Moun?

- Kèk pwogram federal oubyen Eta ka fè moun ki víktim trafik Ozetazini vin elijib pou yo resevwa benefis, sèvis ak soulajman nan men imigrasyon. Anpil òganizasyon kapab ede w benefisyè sèvis sa yo (tankou swen medikal ak dantè, swen pou sante mantal, lojman, asistans legal pou zafè imigrasyon ak lòt bezwen legal, asistans pou travay ak benefis piblik.

KONSEY: Li toujou bon pou w kenbe yon dosye ekri ki montre tout lè ou te travay yo. Chache yon kanè epi ekri tout jou ak tout lè ou te travay, konbe lajan yo te peye ou, dat ou te resevwa kòb/chèk la, valè lajan yo te pran sou chèk ou, ak rezon ki eksplike dediksyon sa a yo.

ECHANTIYON DOSYE TRAVAY PA SEMÈN

Anplwaye		Sipèvizè	
Dat	Aktivite (sa w te fè)	Konbe lè	Lajan
		Lè ou te rive: _____ Lè ou te kite travay la: _____ Total: _____	
		Lè ou te rive: _____ Lè ou te kite travay la: _____ Total: _____	



VIZITE SITWEB SA YO POU PLIS ENFOMASYON SOU:

(Sitweb nap bay la yo ekri ann anglè.)

- Pwosesis aplikasyon pou viza ak viza ameriken w nan: usvisas.state.gov.
- Trafik moun: www.state.gov/j/tip.
- Viza J-1 pou pwogram echanj: j1visa.state.gov.
- Egalite, ak dwa ou pou w pa sibi diskriminasyon nan travay poutèt ras ou, koulè w, relijon w, sèks ou (nan sa gen gwochè tou), orijn nasional ou, laj ou (40 tan ou plis), andikap ou enfòmasyon jenetik, epi si w vle pote plent kont diskriminasyon: www.eeoc.gov.
- Dwa pou w gen sekrite fizik nan travay la, oubyen si w panse travay la pa ofri sekrite epi ou ta renmen mande yon enspeksyon: www.osha.gov.
- Kijan pou w oblige patwon w peye ou lajan li dwe ou: webapps.dol.gov-wow.
- Dwa ou pou yo peye w korèkteman (sa gen ladan n kijan pou w soumèt yon plent konsènan salè ou): www.dol.gov/WHD/immigration
- Dwa ou pou w pa sibi diskriminasyon poutèt sitwayènte ou epi kijan pou soumèt yon plent kont diskriminasyon: www.justice.gov/crt/filing-charge.
- Dwa ou pou w asosye ou ak lòt anplwaye pou w negosye pi bon salè, ak pi bon kondisyon travay (sa gen ladan n kijan pou w soumèt yon plent): www.nlrb.gov.
- Dwa ou, obligasyon w ak ekzansyon pou asirans sante: localhelp.healthcare.gov.

Yo te kreye panflè sa a ann akò ak Section 202 Desizon William Wilberforce 2008,
Lwa Biblik 110-457, sou Re-Otorizasyon Pwoteksyon Viktim kont Trafik Moun.